



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 29 oktòb 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO AK PREZIDAN MTA, PRENDERGAST, BAY DETAY SOU EFÒ POU RANFÒSE EPI
PWOTEJE ENFRASTRIKTI TRANZIT NEW YORK APRE SANDY**

***Wè Demonstrasyon Rezistans nan Estasyon Whitehall St. ak Estasyon South Ferry Subway nan Vizit
pou Rezistans apre Sandy***

Pwojè yo Ap Fèt pou Pa Kite Dlo Antre nan Sistèm MTA pandan yon Ouragan Pidevan

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Prezidan ak Direktè Jeneral MTA, Thomas F. Prendergast, te akonpaye avèk Sekretè Depatman Lojman ak Devlopman Iben, Shaun Donovan ak lòt ofisyèl, te vizite Pwent Sid Manhattan pou wè kèk nouvo teknoloji Metropolitan Transportation Authority (MTA) anvizaje nan efò jeneral ajans lan ap fè pou ranfòsman ak rezistans pou pwoteje sistèm nan kont fiti ouragan yo. MTA t ap fè rechèch ak ankèt tou sou sistèm diminyon dega ak rezistans nan ouragan ki la deja yo itilize toupatou nan lemond pou posib adaptasyon nan New York.

MTA deziyen solisyon pou pa kite dlo antre ditou nan apeprè 600 pwen antre nan Pwent Sid Manhattan ak nan izin ayerasyon ak ouvèti yo nan lòt zòn ki ka gen inondasyon. Tranzit Vil New York nan MTA ap analize tou tout pozisyon tib anba tè yo pou asire pwen enpòtan kote dlo kapab nan sistèm nan pwoteje.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Dega Sipè-Ouragan Sandy te afekte anpil milyon pasaje ki depannde sistèm MTA chak jou, epi pandan reparasyon rapid sèvis la se te yon fyète amizan, vrè reyalizasyon alontèm nan pral ranfòse rezo a kont fiti ouragan yo. Jodi a, nou te wè kèk nan teknoloji dènye modèl ak tounèf MTA ap eksplwate pou pa kite sistèm tranzit la inonde, nan anpil pwojè k ap fèt pou pi byen pwoteje tren nou yo, metwo nou yo, otobis nou yo, pon nou yo, ak tinèl nou yo pandan move tan. Yon ane apre Sandy, mwen kontan pou wè pwogrè MTA fè nan rezo li ki pi fò ak pi rezistan, pou nou kapab fè Nouyòkè yo kontinye avanse pou pidevan."

Prezidan Prendergast di konsa, "Defi apre Sandy se te kreye pwoteksyon efikas byen vit kont onn tanpèt yo, epi MTA ap satisfè defi sa a lè nou deplwaye metòd rapid nou kapab reyalize avèk fòs nou genyen nan moman an. Anmenmtan, anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, n ap pilote plizyè lòt kalite estrateji pou wè si y ap travay nan divès aspè sistèm nou an. N ap rebati pi byen, pi solid ak pi rezistan."

Haitian Creole

Gouvènè ak ofisyèl yo te wè kouvèti antre pwototip nan estasyon metwo Whitehall St., epi se RSA Protective Technologies ki devlope li pou pwoteje omwen 13 kaj eskalye frajil nan Pwent Sid Manhattan. Kouvèti kaj eskalye sa a pral kapab enstale byen vit san yo pa bezwen ekipman ki gen motè.

Vizit la te mennen Gouvènè Cuomo ak ofisyèl yo tou nan nouvo estasyon metwo South Ferry, ki fèmen depi Sipè-Ouragan Sandy te plen tout estasyon an avèk plis pase 14 milyon galon yo sèl wouye, pou wè yon plòg tinèl anba devlopman ILC Dover, yon vandè Depatman Sekirite Teritwa ak founisè pou NASA ap fè, pou pwoteje pòtay metwo yo kote chemennfè ki gen nivo klasman ap fè tranzisyon nan metwo anba tè. Plòg tinèl la ki montre andedan estasyon, menmsi li pa deziyen pou itilize andedan sistèm metwo a, se yon egzant modèl tounèf ILC ap devlope pou pòtay 207th Street nan Inwood ki te anba inondasyon pandan Sandy. Nan 207 Street, premye devlopman yon “Tensioned Curtain” (ki se yon derive teknoloji plòg) ap fèt pou leve defi a. Y ap devlope yon pwototip ki sanble pou yon antre nan kaj eskalye ri nòmal. Si pwototip la ak tè la fèt avèk siksè, MTA swete teknoloji a kapab aplike pou pozisyon pòtay yo ak kaj eskalye yo toupatou nan sistèm nan.

Pou wè foto domaj Sandy te fè nan nouvo estasyon metwo South Ferry, ale nan sitwèb:

<http://www.flickr.com/photos/mtaphotos/8139707633/>

<http://www.flickr.com/photos/mtaphotos/8158486054/>

<http://www.flickr.com/photos/mtaphotos/8139738850/>

<http://www.flickr.com/photos/mtaphotos/8152151223/>

Pou wè yon foto anyen estasyon metwo South Ferry ki re-louvri apre Sandy, ale nan:

<http://www.flickr.com/photos/mtaphotos/8620172538/>

Pou wè foto domaj plòg tinèl rezistan yo montre nan nouvo estasyon metwo South Ferry, ale nan sitwèb:

<http://www.flickr.com/photos/mtaphotos/10557932864/>

<http://www.flickr.com/photos/mtaphotos/10557873216/>

Yon lòt vandè, FloodBreak, ap pwodui yon aparèy ki ka enstale anba griy ayerasyon twotwa ki kapab fèmen vit ak fasil, pou fèmen ayerasyon an pou dlo inondasyon yo. Yon pwototip anplas anba yon griy sou Rector Street. Si li gen siksè, yo ka itilize plizyè santèn inite nan griy ki nan pozisyon ki pi frajil nan Vil la.

Nan MTA, plis pase 70 pwojè nan faz konsepsyon ki vo apeprè \$4,5 milya dola. Senk pwojè ki totalize \$75 milyon dola nan etap akizisyon, epi 16 pwojè, ki vo \$575 milyon dola, deja nan etap konstwiksyon. Nan Tranzit MTA Vil New York, konsepsyon te kòmanse pou repare sis tib metwo ki gen ladan travay sou siyalizasyon, sal ponp, enèji ak komunikasyon, ekleraj tinèl ak kanalizasyon. Plis pase 1 milyon pasaje itilize sis tib sa yo anmwayèn chak semèn. Anplis modèl siyal ak lòt sistèm yo, Tranzit Vil New York ap bati de nouvo tren ponpaj k ap redui tan ki nesèsè pou ponpe dlo sòti nan sistèm metwo a.

Yon restriktirasyon echèl konplè pou reparasyon pèmanan nan nouvo estasyon South Ferry ap fèt, epi

Haitian Creole

konsepsyon yo ap fèt pou reparasyon ak mezi pwoteksyon nan Clifton Shop ak St. George Terminal ki nan Staten Island Railway ki te domaje anpil pandan Sandy. Travay sa a se pati efò Tranzit Vil New York ap fè pou idantifye pi bon fason pou pwoteje lakou metwo frajil yo. Mezi yo ap gen ladan baryè ak pi bon drenaj ak ponpaj.

Pwojè Tranzit Vil New York ki nan konstwiksyon an gen ladan tib Montay R ki ant Brooklyn ak Manhattan, ki fèmen pandan 14 mwa menmsi yo ranplase ak ranfòse ayerasyon, ekleraj, kontwòl ponpaj ak sistèm siyal. Gwo travay andedan tib Greenpoint G pou ranplase eleman ki domaje yo ant Brooklyn ak Queens te kòmanse nan mwa jiyè. Travay ap fèt pandan fèmte wikenn nan, lè yo bay otobis ranplasman an.

Gwo travay ap fèt pou pwoteje ak ranfòse chemennfè MTA. Yo te bay kontra pou repara ak monte de nan twa sou-estasyon ki domaje yo toutolon Branch Long Beach Long Island Rail Road. Konsepsyon ap fèt pou travay rezistans ki pral pwoteje Estasyon Penn, ki ka gen ladan baryè pou inondasyon nan pòtay tinèl, pwoteksyon perimèt pou West Side Yard, ak amelyorasyon nan ponp ak drenaj.

Chemennfè Metro-North te kòmanse konsevwa travay pou nouvo eleman enèji ak kominikasyon toutolon distans 30 mil Hudson Line ak nan lòt zòn ki ka inondab. Y ap monte oswa chanje pozisyon ekipman yo kote li posib.

MTA Bridges and Tunnels ap devlope konsepsyon yo pou fè reparasyon jeneral nan tinèl veyikil li yo, tankou travay sou sistèm elektrik, sistèm mekanik, sistèm ekleraj, sistèm kominikasyon, aparèy kontwòl sikilasyon machin, reparasyon nan estrikti, pano ak bilding ayerasyon. Batado ki gonfle avèk dlo se yon zouti repons pou ijans ouragan anba konsiderasyon ki la pou pwoteje pòtay tinèl la kont onn tanpèt grav yo. Chak tib ki plen avèk dlo mezire 85 pye nan longè, epi li monte a kat pye nan wotè lè li gonfle avèk dlo ki sòti nan awozwa.

Nan Hugh L. Carey Tunnel, kloti louvri pou ray/pikèt ki nan Morris Street, kote dlo inondasyon yo te antre pandan Sandy, pwoteje kounye a avèk yon sistèm miray ki pwovizwa ki gen asye ladan epi k ap rete anplas jouk lè yo konstwi yon miray blokaj pèmanan. Travay diminisyon dega k ap fèt san rete ap gen ladan pwolongasyon pèmanan ak monte miray blokaj nan espas tinèl yo, enstalasyon miray pèmanan kont inondasyon, ak baryè kont inondasyon, dèlko siplemantè pou ijans, ak deplasman ekipman elektrik ak kominikasyon pou monte yo pi wo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole